

# BABI BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sajak nyaéta salah sahiji wanda puisi atawa wangun ugeran anu teu (pati) kauger ku patokan wangunna. Kulantaran kitu, dina mangsa awal gelarna sok disebut sajak bébas (Tamsyah, 1994, kc.185). Sacara tinulis sajak téh mangrupa ébréhan rasa anu imajinatif, nyaéta rasa anu dirékakeun. Sajak kaasup kana pangajaran sastra anu kudu ditepikeun dina pangajaran bahasa jeung sastra Sunda. Pangajaran sastra mangrupa bagian tina kurikulum anu aya dina mata pelajaran bahasa Sunda anu miboga fungsi pikeun ngamekarkeun kamampuh siswa dina mikaresep, ngalenyepan, maham, tur bisa ngamangpaatkeun hiji karya sastra Sunda sarta ngamekarkeun pangaweruh jeung kamampuh siswa dina maké basana, ngamekarkeun kapribadianana, jeung pikeun ngajembaran pangaweruh kahirupanana.

Dina pangajaran bahasana siswa diarahkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuhna dina komunikasi boh lisan boh tinulis, sedengkeun dina pangajaran sastrana siswa diarahkeun sangkan nyangking pangalaman apresiasi jeung éksprési sastra. Ngaliwatan sastra siswa diajak pikeun maham, ngarasakeun kani'matan, jeung neuleuman karya sastra. Pangaweruh ngeunaan sastra bisa dijadikeun pangrojong dina ngapresiasi karya sastra. Kamampuh siswa dina ngaapresiasi hiji karya sastra kalawan rancangé dipiharep bisa ngarojong kana kawani siswa pikeun ngébréhkeun pangalamanana, gagasan, jeung rasa dina sagala rupa wangun karya sastra saperti, sajak, prosa, jeung drama.

Dina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan 2006 (KTSP) kalawan SKKD Mata Pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda SMP/MTS di kelas VIII, aya kompetensi dasar ngeunaan maca sajak. Éta kompetensi dasar téh salah sahiji pangajaran sastra nu mangrupa tatapakan dina pangajaran maca pikeun siswa kelas VIII. Standar kompetensi lulusanna, siswa diarahkeun sangkan mampuh maca pikeun maham jeung méré tanggapan kana rupa-rupa téks mangrupa paguneman, prosa saperti sajarah, bahasan, biografi, carita pondok, dongéng,

novel, jeung puisi saperti sajak, sawér, guguritan, jeung wawacan (Disdik Jabar, kc. 91). Dumasar kana SKKD anu geus ditétélakeun, pikeun ngahontal éta tujuan pangajaran, biasana guru sok ménta siswa pikeun macakeun sajak tanpa ayana prosés maca pikeun maham eusi anu nyangkaruk dina sajak.

Dumasar hasil wawancara jeung siswa, pasualan anu kapanggih nyaéta mikanyaho eusi atawa maksud anu nyangkaruk dina sajak téh hésé pisan komo deui sajakna maké bahasa Sunda béda jeung sajak dina bahasa Indonesia. Éta hal dilantarankeun jaman kiwari siswa geus teu pati maké bahasa Sunda, jeung dina sajak sok ngagunakeun kekecapan nu teu ilahar dipaké sapopoéna. Antukna loba pisan kekecapan anu hésé dipikahartina, malah guruna kalan-kalan sok ngarasa hésé ngahartikeunana komo deui siswana.

Faktor séjénna nyaéta dina gaya ngajar guru anu kurang variatif nepi ka pangajaran apresiasi kana sajak hususna dina pangajaran maca sajak téh kurang dipikaresep ku siswa. Kalan-kalan guru loba méré pangaweruh ngeunaan sajakna jeung kasang tukang ngeunaan pangarangna anu antukna teu méré kasempetan ka siswa pikeun nyangking pangalaman ngaapresiasi hiji karya sastra.

Kahéngkér-an-kahéngkér-an anu aya dina pangajaran maca anu tujuanna pikeun maham sajak téh bisa diungkulan ku cara mikanyaho unsur-unsur anu ngawangun sajak. Sakumaha pamadegan Ws (2012, kc. 118) nétélakeun yén hal-hal husus anu bisa mantuan pikeun maham ma'na tina sajak téh nyaéta ku cara ngaapresiasi sajak dumasar kana unsur-unsurna. Ku kituna, pikeun mikanyaho unsur-unsur anu nyangkaruk dina sajak téh teu leupas tina kagiatan maca, dina ieu hal nyaéta maca pamahaman kana sajak. Maca pamahaman téh nyaéta maca pikeun maham eusi sacara leuwih jero. Ku kituna, sangkan tujuan pangajaran maca pamahaman kana sajak téh kahontal tangtuna waé kudu aya salah sahiji alat anu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maham eusi sajak pikeun ngaéféktifkeun prosés diajar siswa sangkan leuwih hadé hasilna.

Musikalisasi bisa dijadikeun alternatif anu hadé dina pangajaran maca pamahaman sajak. Lantaran biasana siswa leuwih resep kana seni, nyaéta musik atawa lagu. Sabari ngaregepkeun lagu siswa biasana sok bisa neuleuman éta lirik lagu tuluy nyokot pesen tina lirik anu aya dina éta lagu, komo deui éta laguna téh

patali jeung kahirupanana. Ku kituna, téhnik musikalisasi dilarapkeun sangkan bisa mantuan siswa maca pamahaman kana sajak kalawan nangtukeun unsur-unsur anu ngawangunna. Éta hal luyu jeung panalungtikan anu geus ditalungtik kalawan judul “Efektifitas Penggunaan Teknik Musikalisasi Puisi dalam Meningkatkan Kemampuan Siswa Mengapresiasi Puisi” (Zaki Fazri, 2010), hasilna nyaéta téhnik musikalisasi téh éféktif dilarapkeun dina ngaronjatkeun kamampuh siswa ngaapresiasi sajak.

Sok sanajan panalungtikan ngeunaan téhnik musikalisasi geus aya nu nalungtik, salah sahiji nu ngabédakeun ieu panalungtikan nyaéta leuwih difokuskeun kana kamampuh siswa maca pamahaman kana sajak kalawan nangtukeun unsur-unsurna pikeun nyangkem eusi anu nyangkaruk dina sajak. Dina nangtukeun unsur-unsur sajak téh lain saukur nangtukeun unsur-unsur batin sajakna nyaéta imajinatif, téma, rasa, nada, suasana, jeung amanat saperti anu geus ditalungtik ku mahasiswa UPI Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah “Éféktifitas Media Audio-Musikalisasi dina Pembelajaran Maca Sajak” (Adhika Nurkholis Aziz, 2009). Tapi horéng éta panalungtikan téh can ngabahas ngeunaan unsur-unsur fisik anu ngawangun sajak saperti, diksi, kecap-kecap konkret, imaji, purwakanti, gaya basa jeung wirahma.

Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan pikeun mikanyaho kumaha larapna téhnik musikalisasi dina pangajaran maca pamahaman kana sajak, hususna mantuan siswa dina nyangkem eusi anu nyangkaruk dina sajak bahasa Sunda kalawan ngaapresiasi dumasar kana unsur batin jeung unsur fisik sajak. Sajakna dipidangkeun dina wangun musikalisasi anu dibantuan ku média atawa alat nu mangrupa audio musikalisasi tina sajak-sajak nu geus dimusikalisasi.

Satuluyna ieu panalungtikan téh diayakeun kalawan judul “Téhnik Musikalisasi dina Pangajaran Maca Sajak (Studi Kuasi Eksperimén ka Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya Taun Ajaran 2013/2014)”. Dipiharep ku ayana ieu téhnik musikalisasi bisa mantuan siswa dina maham eusi anu nyangkaruk dina sajak nu satuluyna tujuan pangajaran sastra hususna pangajaran maca pikeun maham eusi sajak téh bisa kahontal.

## 1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah, ieu panalungtikan baris medar ngeunaan “Téhnik Musikalisasi dina Pangajaran Maca Sajak (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya Taun Ajaran 2013/2014)”. Téhnik musikalisasi dipilih pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa maca pamahaman kana sajak kalawan tinimbangan yén siswa leuwih resep kana musik atawa lagu tibatan maca sajak dina wangun téks, sabari ngaregepkeun lagu anu rumpakana mangrupa sajak siswa biasana sok bisa neuleuman éta lirik lagu tuluy nyokot pesen tina lirik anu aya dina éta lagu, komo deui éta laguna téh patali jeung kahirupanana. Dipiharep ku ayana téhnik musikalisasi bisa ngalancarkeun siswa pikeun maham eusi anu nyangkaruk dina sajak kalawan nangtukeun unsur batin jeung unsur fisik sajak nu ngawangunna.

Tangtuna, teu sakabéh pasualan jeung kahéngkérana bisa kaungkulan ku hiji panalungtikan. Ku kituna, masalah dina ieu panalungtikan baris diwatesanan saperti ieu di handap.

- 1) Gaya ngajar guru anu kurang variatif nepi ka pangajaran maca (apresiasi) sajak téh kurang dipikaresep ku siswa. Téhnik musikalisasi dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca siswa kana sajak. Ku kituna, ieu panalungtikan téh nitenan larapna téhnik musikalisasi dina ngaronjatkeun kamampuh siswa maca pamahaman kana sajak.
- 2) Héngkérna kamampuh siswa dina maca sajak, hususna dina pangajaran maca pamahaman sajak. Pikeun ngahontal tujuan éta pangajaran, salah sahiji cara pikeun mantuan siswa maham eusi sajak nyaéta ku cara nangtukeun unsur-unsur anu ngawangun sajak. Ku kituna, ieu panalungtikan nitenan kamampuh siswa dina maca pamahaman kana sajak kalawan ngalarapkeun téhnik musikalisasi.
- 3) Aspék kamampuh anu baris ditalungtik difokuskeun kana kamampuh siswa nangtukeun unsur-unsur anu ngawangun sajak nyaéta unsur batin, téma, rasa, nada, suasana, amanat jeung unsur fisik, diksi, kecap-kecap konkret, imaji, gaya basa, purwakanti, sarta wirahma pikeun maham eusi anu nyangkaruk dina sajak.

### 1.3 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dipidangkeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa maca sajak saméméh dilarapkeun téhnik musikalisasi ka siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya taun ajaran 2013/2014?
- 2) Kumaha kamampuh siswa maca sajak sabada dilarapkeun téhnik musikalisasi ka siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya taun ajaran 2013/2014?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh maca sajak saméméh jeung sabada dilarapkeun téhnik musikalisasi ka siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya taun ajaran 2013/2014?

### 1.4 Tujuan Panalungtikan

#### 1.4.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun nguji atawa ngukur téhnik musikalisasi dina pangajaran maca sajak.

#### 1.4.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh maca sajak saméméh dilarapkeun téhnik musikalisasi ka siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya taun ajaran 2013/2014;
- 2) kamampuh siswa maca sajak sabada dilarapkeun téhnik musikalisasi ka siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya taun ajaran 2013/2014;
- 3) béda anu signifikan antara kamampuh siswa maca sajak saméméh jeung sabada dilarapkeun téhnik musikalisasi ka siswa kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya taun ajaran 2013/2014.

### 1.5 Manfaat Panalungtikan

#### 1.5.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis nyaéta pikeun ngeuyeuban tiori ngeunaan kualitas téhnik musikalisasi dina pangajaran maca sajak.

### 1.5.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat saperti anu dipidangkeun di handap.

1) Manfaat pikeun Siswa

Bisa leuwih sumanget dina pangajaran maca pamahaman sajak.

2) Manfaat pikeun Guru

Bisa dijadikeun salah sahiji referensi dina ngaronjatkeun kualitas diajar-ngajar.

3) Manfaat pikeun Sakola

Bisa dijadikeun salah sahiji asupan pikeun sakola.

4) Manfaat pikeun nu Maca

Dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh, hususna ngeunaan téhnik musikalisasi.

### 1.6 Raraga Nulis

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bagian awal dina ieu skripsi anu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga nulis.

Bab II eusina mangrupa dadasar tiorotis anu ngarojong kana masalah anu dipedar dina hiji panalungtikan. Di jerona aya konsep/tiori-tiori/dalil-dalil tur hukum-hukum ngeunaan widang anu ditalungtik, asumsi, jeung hipotésis.

Bab III eusina mangrupa pertelaan ngeunaan métode panalungtikan. Eusina ngawengku sumber data, métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sarta wangenan operasional.

Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, anu ngawengku kamampuh siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun téhnik musikalisasi tina hasil panalungtikan, sarta ngadéskripsikeun ngaronjatna kamampuh siswa kalawan dilarapkeun téhnik musikalisasi dina pangajaran maca sajak.

Bab V mangrupa kacindekan jeung saran ngeunaan hal-hal anu kapanggih dina panalungtikan anu didéskripsikeun dina kacindekan jeung saran.